

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data ieu panalungtikan téh nyaéta dangding nu aya dina buku kumpulan dangding *Lagu Liwung Urang Bandung* karya Apung S. Wiratmadja. Éta buku téh diterbitkeun ku Kiblat Buku Utama dina bulan Oktober taun 2006. Éta buku kakara dicitak sakali. Medal dina raraga ngareuah-reuah milangkala kota Bandung anu ka-196 taun. Éta buku téh bisa medal kalayan pangrojong ti Pamaréntah Kota Bandung. Rumpaka dangding nu aya dina éta buku téh jadi sumber data ieu panalungtikan

Dangding-dangding dina éta buku téh ngagunakeun aturan pupuh sekar ageung (Kinanti, Sinom, Asmarandana, jeung Dangdanggula). Dangding anu ngagunakeun aturan pupuh Kinanti téh aya 8 judul; Sinom aya 6 judul; Asmarandana aya 5 judul; Dangdanggula mah panglobana, aya 9 judul. Jadi, kabéhanana téh aya 29 judul dangding. Unggal rumpaka téh diwangun ku sababaraha pada anu jumlahna béda-béda: pangsaeutikna 3 pada, sedengkeun panglobana mah 7 pada. Nilik kana aturan pupuh anu digunakeun, loba rumpaka dangding anu wangun jeung eusina téh sarua, ku kituna anu dianalisis téh henteu kabéhanana, tapi 16 (tina ungal pupuh téh dicokot 4 judul).

Data utama ieu panalungtikan téh kekecapan/basa, ari data pangdeudeulna mah mangrupa dokumén (buku-buku pustaka) anu bisa ngadeudeul ieu panalungtikan. Pangna kitu téh, sabab ieu panalungtikan kaasup panalungtikan kualitatif (Rosyidi, 2010, kc. 163).

3.2 Méhode, Téhnik, jeung Instrumén Panalungtikan

Dini Novianti R, 2014

Ajén éstétis dina kumpulan dangding Lagu liwung urang bandung karya apung s. Wiratmadja pikeun bahan pangajaran maham rumpaka tembang di sma

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Cara-cara pikeun ngumpulkeun data dina hiji panalungtikan, disebut métode panalungtikan (Arikunto dina Ropiah, 2013, kc. 33). Métode panalungtikan téh kudu disaluyukeun jeung karakteristik garapan panalungtikan, sangkan prosésna lancar sarta hasilna nyoko kana tujuan panalungtikan anu geus ditangtukeun. Tina métode panalungtikan nu geus dipilih téh bakal ngawujud jadi desain panalungtikan.

3.2.1 Métode Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh rék nganalisis sarta ngadéskripsikeun data nu kapanggih dina buku kumpulan dangding *Lagu Liwung Urang Bandung* karya Apung S. Wiratmadja. Éta buku diulik ajén éstétisna tuluy hasilna dijadikeun bahan pangajaran maham rumpaka tembang di SMA. Métode panalungtikan anu digunakeun nyaéta métode déskriptif analitis anu digabungkeun jeung métode formal.

Ceuk Suyatna (Ropiah, 2013, kc. 34), tujuan métode déskriptif nyaéta pikeun ngadéskripsikeun sacara ngéntép seureuh, faktual, tur akurat ngeunaan fakta-fakta, sipat-sipat, sarta hubungan antar fénoména anu ditalungtik. Data-data anu geus didéskripsikeun téh tuluy dianalisis saluyu jeung tiori anu dijadikeun cecekelan. Ari métode formal mah dipaké pikeun maluruh unsur-unsur karya sastra (dina ieu panalungtikan mah maksudna unsur-unsur éstétis dangding). Ieu métode gabungan téh saluyu jeung karakteristik panalungtikan nu rék digarap. Ngaliwatan ieu métode gabungan téh bakal kapanggih unsur-unsur karya sastra anu satuluyna bakal didéskripsikeun sarta dianalisis nurutkeun ajén éstétisna. Hasil ahirna, bakal kapanggih ajén éstétis nu nyangkaruk dina kumpulan dangding *Lagu Liwung Urang Bandung* karya Apung S. Wiratmadja jeung cara ngalarapkeunana kana pangajaran maham rumpaka tembang minangka bahan ajarna.

3.2.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téknik studi pustaka. Salila prosés panalungtikan, panalungtik ngamangpaatkeun dokumén-dokumén tertulis, saperti buku, jurnal, jeung artikel.

3.2.3 Instrumén Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén kartu data, sangkan leuwih éféktif dina ngadéskripsikeun jeung nganalisis data. Wangunna téh saperti kieu di handap.

Kode	Unsur éstétis	Ukuran ajén éstétis			Unsur éstétis	Ukuran ajén éstétis		
	Kabasaan	H	NI	FS	Eusi	H	NI	FS
1	2	3	4	5	6	7	8	9

Tabél 3.1 Kartu Data

Dina kolom ka-1, ditulis kode rumpaka dangding nu ditalungtik. Conto kodena kieu: K1 keur judul rumpaka dangding kahiji anu ngagunakeun aturan pupuh Kinanti. Kolom ka-2 mah keur nuliskeun unsur éstétis dangding husus kabasaanna hungkul, nyaéta gaya basa anu digunakeun. Ari kolom ka-6 mah dieusian ku unsur éstétis dangding tina jihat eusina. Tuluy gaya basa anu geus dituliskeun téh dipatalikeun jeung ukuran ajén éstétis dina kolom 3-5, sedengkeun eusi mah dina kolom 7-9. Ukuran ajén éstétis téh *harmoni* (H), *nature & ingenium* (NI), jeung fungsi sastra (FS). Lamun nyumponan sarat éstétis, ditulis tanda céntang (√) dina kolomna.


Dini Novianti R, 2014

Ajén éstétis dina kumpulan dangding Lagu liwung urang bandung karya apung s. Wiratmadja pikeun bahan pangajaran maham rumpaka tembang di sma

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Desain Panalungtikan

Gurat badag ngeunaan léngkah-léngkah ieu panalungtikan téh digambarkeun dina desain panalungtikan. Dumasar kana métode nu digunakeun, desain ieu panalungtikan wangunna sakumaha nu katangén di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

Dini Novianti R, 2014

Ajén éstétis dina kumpulan dangding Lagu liwung urang bandung karya apung s. Wiratmadja pikeun bahan pangajaran maham rumpaka tembang di sma

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.4 Prosedur Ngolah Data

Lamun sakabéh data anu dibutuhkeun téh geus didéskripsikeun, satuluyna éta data-data téh kudu diolah ngagunakeun prosedur anu sistematis tur éféktif. Hasil déskripsina téh nyaéta unsur-unsur éstétis dina rumpaka dangding: unsur kabasaan (gaya basa) jeung unsur eusi (téma, rasa, nada, amanat, purwakanti, jeung pedotan). Dumasar kana métode, desain, jeung téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan, prosedur ngolah datana dijéntrékeun saperti kieu:

- 1) matalikeun unsur éstétis jeung ukuran ajén éstétis. Ukuran ajén éstétis téh nyaéta *harmoni, natura & ingenium*, sarta fungsi sastra. Maksud tina harmoni téh gaya dina sastra saluyu jeung téma nu dipilih, cara dina ngungkabkeunna gé kudu saluyu jeung karakteristik pamaca. Kaparigelan pangarang katitén tina kamampuh nyiptakeun karya sastra anu hadé ngaliwatan unsur-unsur éstétis sastra, éta patali jeung sarat *natura & ingenium*. Ari sarat fungsi sastra mah aya hubunganna jeung mangpaat éta karya sastra. Dina ieu tahap, dirojong ku data-data anu geus ditulis dina kartu data (instrumén panalungtikan). Sabenerna mah ieu tahap téh geus kaasup tahap nganalisis, ngan henteu teleb, sabab nu diulikna ngan anu aya dina kartu data, ari kartu data téa kawatesanan ku ruang, jadi hal-hal penting téh henteu bisa katuliskeun sacara jéntré jeung deui ukur bisa dianalisis perbagian (unsur);
- 2) nganalisis data sagemblengna. Sanggeus matalikeun unsur éstétis jeung ukuran ajén éstétis, tuluy sakabéh data dianalisis sacara gembheng, lain nganalisis perbagian deui. Dina ieu tahap, analisis leuwih teleb, sabab ngabahas sagala hal anu teu katuliskeun dina kartu data;
- 3) napsirkeun hasil analisis. Sakabéh data anu geus dianalisis sacara gembheng téh kudu ditapsirkeun, pikeun nyangking pamanggih anu weweg, anu satuluyna bakal ngawujud jadi kacindekan;

- 4) nyieun kacindekan. Kacindekan kudu saluyu jeung tujuan panalungtikan. Ieu téh tahap pangahirna dina prosés ngolah data. Kacindekan nyoko kana hasil pedaran ti tahap ka-1 nepi ka tahap ka-3.

3.5 Wangenan Operasional

Istilah-istilah anu digunakeun dina judul ieu panalungtikan (“Ajén Éstétis dina Kumpulan dangding *Lagu Liwung Urang Bandung* Karya Apung S. Wiratmadja pikeun Bahan Pangajaran Maham Rumpaka Tembang di SMA”) téh, kudu dijelaskeun sangkan nu maca hasil ieu panalungtikan moal salah ngahartikeun, bakal saluyu jeung pamikiran panalungtik. Ku kituna, ieu di handap dijelaskeun ngeunaan ajén éstétis, kumpulan dangding *Lagu Liwung Urang Bandung* Karya Apung S. Wiratmadja, jeung bahan pangajaran maham rumpaka tembang.

1) Ajén Éstétis

Dumasar kana tiorina, ajén éstétis téh sagala hal nu aya patalina jeung kaéndahan, ditilik alus-goréngna. Ajén éstétis karya sastra nyangkaruk dina unsur basa jeung eusina. Unsur basana téh didominasi ku gaya basa, sedengkeun unsur eusina mah nyaéta téma, nada, rasa, amanat, purwakanti, jeung pedotan (unsur has dangding). Ajén éstétis hiji karya kudu nyumponan sarat *decorum*, *natura* katut *ingenium*, jeung fungsi sastra (tiori Horatius). Dina ieu panalungtikan téh panalungtik maluruh ajén éstétis nu nyangkaruk dina buku kumpulan dangding *Lagu Liwung Urang Bandung*, karya Apung S. Wiratmadja.

2) Kumpulan Dangding *Lagu Liwung Urang Bandung* Karya Apung S. Wiratmadja

Dini Novianti R, 2014

Ajén éstétis dina kumpulan dangding Lagu liwung urang bandung karya apung s. Wiratmadja pikeun bahan pangajaran maham rumpaka tembang di sma

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dangding téh karya sastra heubeul dina wangun puisi anu kauger ku patokan-patokan pupuh. Patokanana téh guru lagu, guru wilangan, jumlah padalisan dina sapaana, jeung watek.

Panalungtik milih salah sahiji buku kumpulan dangding anu judulna *Lagu Liwung Urang Bandung*, karya Apung S. Wiratmadja. Hadéna, éta judulna téh bisa dipikaharti ma'nana. Sacara harfiah, *liwung* téh hartina 'bingung' atawa 'baluweng lantaran pegat kacintaan' (LBSS, 2007, kc. 272). Dina *Ensiklopedi Sunda* (2000, kc. 384) mah *liwung* téh istilah karawitan Sunda nu diasongkeun ku R. Mahyar Angga Kusumahdinata minangka ngaran surupan dina laras pélog. Tapi harti nu saluyu jeung maksud éta judul nyaéta "bingung" atawa "baluweng".

Katitén tina tulisan di bagian cover tukang anu unina saperti kieu: "Aya rasa ngenes nu nyereteng neumbag dada... Tapi aya ogé rasa nineung nu tetep ngalangkang, hamo bisa disisilhan". Bisa jadi éta téh lantaran pangarang (Apung S.W.) ningali Bandung baheula mah éndah, matak pangarang ngarasa nyaah ka kota Bandung, tapi kaayaan Bandung ayeuna geus lain anu dipikadeudeuh ti baheula, matak timbul rasa keuheul, ambek, sedih, jeung kecéwa anu ahirna pangarang jadi baluweng. Kacindekanana, maksud tina judul *Lagu Liwung Urang Bandung* téh eusina ngeunaan tembang nu ngagambarkeun kabingung urang Bandung pédah ningali kaayaan lembur anu dipikacintana teu éndah siga baheula.

3) Bahan Pangajaran Maham Rumpaka Tembang

Tina hasil panalungtikan ngeunaan ajén éstétis nu nyangkaruk dina kumpulan dangding *Lagu Liwung Urang Bandung* karya Apung S. Wiratmadja téh dipiharep bisa dijadikeun bahan pangajaran maham rumpaka tembang (saluyu jeung kurikulum SMA 2013: KIKD).